№ 2 (6)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHISÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL



ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

№ 2(6)/2025

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*
**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;
**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri orınbasarı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;
**AMANULLA RIZAYEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;
**HIKMAT RAJABOV** – professor;
**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;
**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,
**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**MARFUA XAMIDOVA** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**BOLTABOY SHODIYEV** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, docent;
**OZODA TOSHMATOVA** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;
**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;
**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;
**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Sh.Abdirov 2-jay.*
*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# DÁSTÚRIY HÁM ZAMANAGÓY MUZÍKADA DÁP ÁSBABÍNÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ

**Gulmanov I.**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Bul maqalada dáp ásbabınıń dástúriy muzıkadağı ornı, onıń tariyxıy tamırları hám atqarıw usılları talqılanadı. Sonday-aq, házirgi zaman muzıka procesinde dáp kórkem ónerinıń rawajlanıwı, texnikalıq imkaniyatlarınıń keńeyiwi hám onıń milliy hám jáhán muzıkalıq mádeniyatındağı áhmiyeti haqqında hám de dáp saz ásbabınıń Orta Aziya, ásirese Ózbekstan dástúriy muzıkası sistemasındağı tiykarğı ornın tereń úyreniwge bağıshlanğan. Onda dáptiń tariyxıy tamırları (áyyemgi úrp-ádetler hám mádeniyatlarğa shekem), texnikalıq dúzilisi hám ózgeshe atqarıwshılıq usılları da talqılanadı.

**Gilt sózler:** dáp, ritm, atqarıw, milliy muzıka, zamanagóy ansambl, rawajlanıw.

**Аннотация:** В данной статье анализируется роль дойры в традиционной музыке, ее исторические корни и исполнительские стили. Она также посвящена развитию искусства дойры в современном музыкальном процессе, расширению его технических возможностей и его значению в национальной и мировой музыкальной культуре, а также углубленному изучению основной роли инструмента дойры в системе традиционной музыки Средней Азии, особенно Узбекистана. В ней также анализируются исторические корни дойры (вплоть до древних обычаев и культур), ее техническая структура и уникальные исполнительские стили.

**Ключевые слова:** дойра, ритм, исполнение, национальная музыка, современный ансамбль, прогресс.

**Abstract:** This article analyzes the role of the doira instrument in traditional music, its historical roots, and performance styles. It is also devoted to the development of the art of the doira in the modern musical process, the expansion of its technical capabilities and its significance in national and world musical culture, as well as the in-depth study of the main role of the doira instrument in the system of traditional music of Central Asia, especially Uzbekistan. It also analyzes the historical roots of the doira (down to ancient customs and cultures), its technical structure, and unique performance styles.

**Keywords:** dap, rhythm, performance, national music, modern ensemble, development.

**Kirisiw.** Ózbek xalıq saz ásbapları arasında dáp ózine tán ritmikalıq imkaniyatları hám muzıkalıq ańlatıw baylıǵı menen ajıralıp turadı. Áyyemnen xalıq awızeki dóretiwshiliginde, máresimlerde hám ayaq oyın kórkem ónerinde keńnen qollanılıp kelgen bul ásbap zamanagóy professional muzıka saxnasında da óz ornın bekkemlemekte. Dáptıń izbe-iz rawajlanıwın úyreniw milliy muzıkalıq miyrasımızdı tereń ańlawda úlken ilimiy áhmiyetke iye.

Dáp saz ásbabı ázelden xalıq turmısında áhmiyetli orın iyelep kelgen. Ol dáslep diniy máresimlerde, xalıq bayramlarında hám túrli máresimlerde ritmlik tiykar wazıypasın atqarǵan. Ózbek xalıq muzıka dóretiwshiliginde dáp maqom atqarıwı, qosıq hám ayaq oyın ansamblleri hám de máresim namalarında ajiralmas ritmikalıq tayanısh sıpatında qollanılǵan.

Dástúriy dáp atqarıwshılıǵı tiykarınan xalıq ustaz-shákirt mektepleri arqalı qáliplesken. Ustaz dápshiler tárepinen áwladtan-áwladqa ótken usıllar - "usıl", "zarb" túsinikleri milliy muzıkalıq pikirlewimizde ayrıqsha orın iyeleydi.

**Tiykargı bólim.** Dáp saz ásbabı Orta Aziyada bunnan 2000 jıl aldın payda bolǵan. Dáp házirgi kúnde de ózbek xalıq sazları arasında ayrıqsha orın tutadı. Ol jeke túrde yaki ansambl kórinisinde atqarıladı. Quwanıshlı tárepi sonda, házir tek dápshilerden ibarat ansamblller kóbeymekte. Mısal retinde, Elmurat Islamov, Husan Nosirovlar basshılıǵındaǵı dápshiler ansamblllerin keltiriw múmkin. Dáp imkaniyatı júdá keń sazlardan esaplanadı. Akademik Yunus Rajabiy maqomlarımızdı notaǵa alǵan waqıtta dáp usıllarının jazıw ushın bir nota sızıǵınan paydalanǵan. Házir bolsa dáp usıllarının tolıq notaǵa túsiriw hám keleshek áwladlarǵa tolıq qaldırıw maqsetinde tórt nota sızıǵınan paydalanıladı. Bul bolsa hárbir qol hám barmaqlar ushın óz aldına usıllardı, sozıwlardı belgilew imkanin beredi. Dáp sheberligi mektebi tiykarınan ustaz hám shákirt dástúrleri arqalı rawajlanıp bizge shekem jetip kelgen. Buǵan mısal etip ustaz dápshilerden Usta Olim Komilov, Tóychi Inaǵamov, Ǵofir Azimov, Qahramon Dadayev, Odil Kamolxojaev, Elmurod, Xolmurod, Dilmurod Islomovlar hám Hasan Azimovlardıń xızmetlerin ayrıqsha atap ótiw múmkin [1; 20-21].

Dáp usıllarının teoriyalıq tiykarlaw hám onı ámeliyatqa engiziw tájiriybesine elimizde orta ásirlerde-aq erisilgen edi. Sol sebepli keyingi XVIII-XX ásirlerde de bul dástúrge qatań itibar berilgen. Mısalı, Eyxgorn dáp usıllarının notalastırıwǵa urınǵan. Nátiyje sonı kórsetedi, dáp atqarıwshıları ózine shekemgi hám óz dáwiriniń ustazları sabaqların teoriyalıq hám ámeliy jaqtan tereń ózlestirip barǵan. Bul arqalı haqıyqıy dáp atqarıwshılıǵı hám kórkem óneri saqlanıp, rawajlandırılıp barılǵan [2; 6-7].

Orta Aziya hám Parsı mámleketlerinde usınday atalıwı da usınday urma saz ásbaplarınıń Orta Shıǵıs xalıqları arasında áyyemnen belgili bolǵanlıǵı menen baylanıslı. Keyinirek islam mádeniyatınıń Rim imperiyası menen integraciyalasıwı nátiyjesinde saz ásbabı Evropaga belgili boldı. Pahlaviy tilinde (áyyemgi parsı tilinde) dáp ataması dareh, Ázerbayjanda "davra ǵával", geyde "dáp" dep ataladı hám bayramlarda oynaladı.

Dáp eki sesten ibarat: biri pás hám "bum" (xorezmliler arasında "gup") hám ekinshisi bálent "bak" (tak) dep ataladı. Birge kelgen eki qısqa ses "bakko" (taq-taq) hám "baka" dep ataladı. Dáp atqarıw dástúrlerinde júdá keń tarqalgan hám keń qollanılatuǵın urmalı saz ásbabı bolıp, maqom-saray kórkem ónerinde áhmiyetli orın tutadı, maqomlardıń urmalı sisteması tiykarınan dáp usılına tiykarlanǵan. Qosıqshı hám maqam ustaları da jaqsı dáp ustası hám atqarıwshıları esaplanadı. Maqom kórkem ónerinde hárbir nama hám qosıqtıń ózine tán ırǵaǵı hám ólshemine iye bolǵanlıǵı sebepli olardıń usılları muzıka ámeliyatında tap sol nama yamasa qosıq atı menen qollanıladı: Usuli Muxammas, Usuli Talqın, Usuli Tasnif, Usuli Moǵulcha hám basqalar [3].

Oraylıq Aziya xalıqları muzıkasında dáp atqarıwshılıǵı ózine tán stillik ózgesheliklerge iye. Ózbek hám tájik muzıka dástúrlerinde dáp maqom atqarıwshılıǵı hám xalıq qosıqlarında ritmikalıq tayanısh wazıypasın atqaradı. Turkmen hám qazaq mádeniyatında bolsa dáp kóbirek xalıq oyınları hám máresimlik muzıkalarda qollanıladı.

Qırǵız xalqında dáp tiykarınan ayaq oyınlar hám qosıqlarda qollanılıp, xalıq ansambllerinde orın iyeleydi. Bul aymaqlarda dáp tek ǵana muzıkalıq ásbap emes, al xalıqtıń ruwxıy dúnyası hám máresimlik turmısı menen tikkeley baylanıslı bolǵan mádeniy belgi.

Búgingi kúnde Oraylıq Aziya mámleketlerinde dáp saz ásbabı professional saxnaǵa shıǵıp, milliy ansambl hám orkestrler quramında jedel qollanılmaqta. Konservatoriyalar hám kórkem óner mekteplerinde dáp klasları jumıs alıp barıp, jas áwladqa ustaz-shákirt dástúri arqalı bilim hám sheberlik berilmekte. Sonday-aq, dáp jáhán muzıkalıq saxnasında da óz ornın tappaqta. Hár qıylı xalıqaralıq festivallar hám tańlawlarda dáp atqarıwshılıǵı Oraylıq Aziya xalıqlarınıń bay mádeniy miyrasın úgit-násiyatlamaqta.

Dáp ásirese Ózbekstanda eń kóp tarqalǵan saz ásbabı bolıp, onda kóbinese ayaq oyın, qosıq namaları shertiledi. Heshbir saz ásbabı ansambli yaki orkestri dápsiz bolmaydi. Jeke atqarıwda ses joqarıraq shıǵıwı ushın geyde barmaqqa metall noxun taǵıladı. Barlıq ráńbáreń ájayıp ırǵaqlardı tek ǵana dápte shıǵarıw múmkin, sol sebepli dáp atqarıwshılar atqarıw sheberligi menen ajıralıp turadı.

Dáp – áyyemgi saz ásbabı, ol haqqındaǵı maǵlıwmatlardı, onıń sıpatlaması hám súwretleniwin X ásirden baslap kóplegen ádebiy dereklerde hám súwretlerde ushıratıw múmkin. Tariyxıy súwretlerge qaraǵanda, dáslepki dáp forması boyınsha taw tájikleriniń shırmandası - gardishindegi tesiklerde sıńǵırlaytuǵın “tabaqshalar” bolǵan dápke ádewir jaqın bolǵan. Biraq, áyyemgi saz ásbapları házirgilerden kólemi birqansha kishi bolǵan [3; 36].

Dáp saz ásbabı atqarıwshılıǵı ásirler dawamında qáliplesip kelgen. Onıń tariyxın shártli túrde úsh dáwirge bólemiz: 1) áyyemgi dáwir (VIII ásirge shekem); 2) orta ásirler dáwiri (IX-XIX ásirler); 3) jańa dáwir (XX-XXI ásirler).

Áyyemgi dáwir (VIII ásirge shekem) dáp saz ásbabı atqarıwına ulıwma tán bolǵan. Oǵan bola, dáp saz atqarıwshılıǵı jas tańlamaǵan. Dáp saz ásbabın jasaw ǵalabalıq tús alǵan hám barlıq bayramlar, ilajlar dápnıń atqarıwısız ótpeytuǵın edi. Solist hám koncertmeyster dáp saz ásbabı atqarıwshılıǵı qáliplesken. Dáp saz ásbabı atqarıwshılıǵınıń muzıka, qosıq hám ayaq oyın kórkem ónerindegi ornı belgilengen. Bulardıń dóretiwshisi xalıq edi. Áyyemgi dáwir dáp saz ásbabı atqarılıwı seslerge baylıǵı hám ráńbáreńligi menen ajıralıp turadı. Eń tiykarǵısı – bul dáwirde dáp saz atqarıwshılıǵı keń tarqalıp, muzıka kórkem óneriniń quramalıq bólimine aylandı.

Orta ásirler dáwiri (VIII-XIX ásirler) dáp saz ásbabı atqarıwshılıǵı haqqında dáp usılların túsindiriw, talqılaw hám maqomlar muzıkasında dáp atqarıwınıń tutqan ornı sıyaqlı máseleler úyrenilgen. Atap aytqanda, Abu Nasr Farabiy “Kitob al-musiqa al-kabir” shıǵarmasında dáp shıǵarması “usıl” dep atalıwın hám ol insan tamırınıń urısına qarap “tan-tan” dep belgileniwin jazǵan. Onıń pikirinshe, “Dáp usılları tiykarǵı hám kishi bólimlerge bólinedi”. Bunda Farabiy tiykarǵı degende tolıq usıllardı, bólim degende qaǵazlardı názerde tutadı. Bunnan basqa, ol dáptı qısqa dawıslı qońıraw, tabl, taspıq, sanj sıyaqlı ásbaplar quramına kirgizedi. Farabiydiń bul sabaqları onnan keyingi orta ásirlerdiń barlıq avtorlarına tiykar bolıp qaldı. Orta ásirler dáp atqarıwshılıǵına Darvesh Ali Changiy Buxariy de “Risolai musiqiy” shıǵarması menen múnásip úles qosqan. Onıń jazıwınsha, XV-XVII ásirlerde dáp atqarıwshıları háwesker hám kásip iyelerine (professionallarga) bólingen. Háwesker dáp atqarıwshılıǵı jas tańlamaǵan, professional dáp atqarıwshıları bayramlar, seyiller hám saraylardaǵı ilajlarda belsene qatnasqan. Darvesh Aliniń bergen maǵlıwmatına qaraǵanda, Ǵıyas Samarqandiy, Mirak Buxariy, Darvesh Miskin sıyaqlı belgili dáp atqarıwshıları bolǵan. Olar hátte Navo, Buzruk sıyaqlı maqamlarga dáp usılların jaratqan. Olar tek ǵana dáp atqarıwshıları emes, al dáp usıllarınıń dóretiwshileri de bolǵan. Mámleketimizdegi taslarda áyyemgi dáwirlerge tiyisli súwretlew óneri úlgileri, xalıq muzıkalı awızeki

dóretiwshiligi hám jazba dereklerdi tallaw sonı kórsetedi, dáp ásbabınıń dúzilisi búgingi kúnge shekem onsha ózgeriske ushıramaǵan hám ásirler dawamında tek atqarıw usılları rawajlanıp kelgen. Barlıq zamanlarda dáp sazın soqqan.

Jańa dáwirde (XX-XXI ásirler) dáp saz atqarıwshılıq mektepleri payda bolǵan. Bul dáwirde A.Eyxgorn, N.Mironov, V.Uspenskiy, V.Belyayev, I.Akbarov hám basqalar dáp usılların notalastırıwǵa háreket etken. A.Fitrat dáp saz ásbabı atqarıwshılıǵınıń xalıq arasındaǵı áhmiyeti hám dáp usılların jıynaw boyınsha kóplegen jumıslardı ámelge asırǵan. Ustaz Usta Alım Komilov ustazı Masand ata Marǵiloniy hám dostı Yusufjon qızıq Shakarjanov járdeminde dáp usılların topladı, sistemalastırdı, olardıń atqarıw jolların belgiledi, oyın kórkem óneri menen baylanısın kúsheyttirdi, dáp atqarıwshılıǵın jáhán kólemine alıp shıqtı hám Ustaz-shákirt jańa dáp atqarıwshılıq mektebine tiykar saldı. A.Petrosyanc tórt sızıqlı nota jazıwı tiykarında dáp usılların notaǵa alıp, orkestrde nota tiykarında dáp shertip aytıw dástúrin jolǵa qoydı. Jańa dáwirde saz atqarıwshılıǵına jeke atqarıwshılıq usılları da kirdi, dáp atqarıwshılıǵına baylanıslı onlaǵan oqıw qollanbaları jaratıldı [15; 13].

XX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap Ózbekstanda dáp atqarıwınıń jańa usılı, yaǵnıy onıń jeke saz ásbapları sıpatında qollanılıwı rawajlana basladı. Bul iske 1947-jılı Tashkenttegi Oqıwshılar sarayı (házirgi Respublikalıq oqıwshılar hám jas óspirimler dóretiwshilik orayı) janında dáp atqarıwshı balalar dógeregi shólkemlestiriliwi menen birinshi qádem qoyıldı. Olardıń jumısı bay ózbek usılların úyreniw menen bir qatarda, estrada saxnalarında bir yamasa birneshe (tórtke shekem) márte jeke atqarıw usılların úyreniwge de tiykarlangan edi. Taqıyalı balalar dógeregin pitkergenler keyin ala iyelegen atqarıw sheberligi sebepli, ózbek muzıka kórkem ónerin dúnyanıń túrli mámleketlerinde kórsetip, alǵıslarǵa eristi. Bir qatar baqsılardıń atqarıwshılıq sheberligi joqarı sıylıqlar menen sıylıqlanǵan. Olardıń arasında Ózbekstan xalıq artistleri hám Mámleketlik sıylıqtıń laureatları, xalıqaralıq hám Respublikalıq tańlawlar, jáhán festivallarınıń birneshe jeńimpazları bar. Atap aytqanda, Qahramon Dadaev, Talat Sayfutdinov, Odil Kamolxójaev, aǵa-ini Dilmurod, Xolmurod, Elmurod Islomovlar, Husan Nosirov, Ilhom Ikromov, Alisher Yuldashev sıyaqlı kórkem óner ǵayratkerleri el-jurt itibarına túsken.

Biz keltirip ótken mısallar dáp atqarıwshılıq dástúrleriniń turmıslılıǵın hám zamanagóy ruwxta rawajlanıp, jańadan-jańa janr hám kórinislerdi payda etiwi múmkinligin hám de dáptiń ózbek dástúriy muzıka kórkem ónerinde salmaqlı ornın kórsetedi. Dápten taralatuǵın sesler tıńlawshılardı ózine tartıp, olarda kórkem hám estetikalıq qızıǵıwshılıq oyatıwı anıq [5; 18].

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, dáp saz ásbabı Oraylıq Aziya xalıqları, ásirese, ózbek muzıkalıq miyrasınıń ózine tán hám siyrek ushırasatuǵın ırǵaqlı nıshanı esaplanadı. Onıń 2000 jıllıq tariyxı dawamında saz dáslepki waqıtları saltlıq muzıka hám xalıq dóretiwshiliginiń tiregi bolıp xızmet etken, keyinshelik Maqam kórkem óneriniń ajıralmas bólegi bolıp qáliplesken.

Eń áhmiyetlisi, dáp házirgi kúnde de tek ǵana dástúriy muzıkada emes, al jeke saz ásbabı sıpatında da kásiplik saxnada belsene qollanılıp, Ózbekstannıń bay mádeniyatın xalıqaralıq kólemde násiyatlamaqta. Solay etip, dáp tek ǵana ırǵaq deregi emes, al kórkem ónerdiń turaqlılıǵın, rawajlanıwın hám ómirsheńligin tastıyıqlawshı, mádeniy áhmiyeti teńsiz bolǵan ásbap bolıp tabıladı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Xolmirzayev O. Ansambil ijrochiligi. Jizzax: 2018.
2. Islomov. D. Maxsus cholg‘u. -T.:«Fan va texnologiya», 2015.
3. https://tg.wikipedia.org/wiki/%D0%94%D0%BE%D0%B8%D1%80%D0%B0_(%D1%81%D0%BE%D0%B7)
4. Liviyev A. O‘zbek milliy cholg‘usozlik tarixi. “Arnaprint” – Toshkent: 2005.
5. Gulmanov I. Dáp atqarıwshılıǵı. Nókis:2025.

## MAZMUNÍ

***MUZÍKATANÍW***


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Султанова Е.** ФОРТЕПИАННОЕ ТРИО ФРАНСИСА ПУЛЕНКА В КОНТЕКСТЕ ФРАНЦУЗСКОЙ КЛАССИЧЕСКОЙ МУЗЫКИ XX ВЕКА | 3 |
| 2 | **Миркасымова Э.З.** ИСПОЛНИТЕЛЬСКАЯ ИНТЕРПРЕТАЦИЯ КАК ВАЖНЕЙШИЙ ЭТАП ДЕЯТЕЛЬНОСТИ МУЗЫКАНТА | 9 |
| 3 | **Мирсолихова Х.М.** МУСИҚИЙ АСАР УСТИДА ИШЛАШ ЖАРАЁНИ ҲАҚИДА | 16 |
| 4 | **Тожибоев С.** ИСЛОМ ДИНИ БИЛАН БОҒЛИҚ МАРОСИМ ВА БАЙРАМЛАРДАҒИ МУСИҚИЙ АНЪАНАЛАР | 21 |
| 5 | **Abatbaeva R.A.** KOMPOZITORLAR IJODIDA BALLADA JANRINING SHAKLLANISHI VA BUGUNGI KUNDAGI AHAMIYATI | 34 |


***KÓRKEM ÓNER***


| | | |
|---|---|---|
| 6 | **Allanbaev R.O.** “SUYMAGANGA SUYKALMA” MUSIQALI DRAMASINING O‘ZIGA XOS XUSUSIYATLARI | 41 |
| 7 | **Абрарова М.** ЎЗБЕКИСТОН ВА ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН АЁЛ КОМПОЗИТОРЛАРИНИНГ ТАФАККУРИ МОҲИЯТИ | 52 |
| 8 | **Aytmuratov B.K.** AKTYOR INDIVIDUALLIGINI SHAKLLANTIRISHDA ROL YARATISH USLUBIYATINING NAZARIY VA AMALIY ASOSLARI | 59 |
| 9 | **Azimov K.** DIRIJYORLIK TEXNIKASINING NAZARIY MASALALARI | 68 |
| 10 | **Eminov N.** “ALPOMISH” MUSIQALI DRAMASIGA AYRIM CHIZGILAR | 73 |
| 11 | **Gulmanov I.** DÁSTÚRIY HÁM ZAMANAGÓY MUZÍKADA DÁP ÁSBABÍNÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 80 |
| 12 | **Jaqsımuratova B.** VOKAL ATQARIWSHÍLÍGÍNÍŃ TARIYXIY EVOLYUCIYASÍ | 86 |
| 13 | **Karimova N.** FESTIVAL TUSHUNCHASI VA ULARNIG ILMIY-NAZARIY ASOSLARI | 92 |
| 14 | **Kazakbayeva M.** ARIYALAR USTIDA ISHLASH JARAYONIDA JO‘RNAVOZNING AHAMIYATI | 98 |
| 15 | **Kutekeeva R.** QORAQALPOG‘ISTON OPERA SAN’ATIDA MILLIY OBRAZLAR TALQINI | 104 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Matjanova M.** ATQARÍWSHÍLÍQ MÁDENIYATÍNDA KONCERTMEYSTERDÍŃ TIYKARǴÍ WAZÍYPALARÍ | 110 |
| 17 | **Sharipov N.** ZAMONAVIY FANDA AYOL OLIMALARNING O‘RNI | 117 |
| 18 | **Osman Kopadze.** THE SOFT POWER IMPACT OF TURKISH TELEVISION SERIES ON UZBEK SOCIETY | 122 |
| 19 | **Paxratdinova L.** SKRIPKANING KELIB CHIQISHI VA IJROCHILIK AN’ANALARI | 130 |
| 20 | **Shukurov A.** TEATR SAN’ATINI RIVOJLANTIRISHDA TARIXIY VA ZAMONAVIY YONDASHUV | 136 |
| 21 | **Tursunov E.** AN’ANAVIY YO‘NALISHDAGI XONANDALIK ASARLARI BOSHQA MILLAT VAKILLARI IJROCHILIGIDA | 147 |
| 22 | **Измаилов А.М.** ФОРМИРОВАНИЕ ОРКЕСТРОВОЙ ФУНКЦИИ ЗВУКОВЫСОТНЫХ УДАРНЫХ ИНСТРУМЕНТОВ В XVI–XVII ВЕКАХ | 153 |
| 23 | **Давыдова Т.** СТИЛЕВЫЕ ОСОБЕННОСТИ СИМФОНИЧЕСКИХ ОПУСОВ ТУЛКУНА КУРБАНОВА | 165 |
| 24 | **Миркасымова Э.З.** ХУДОЖЕСТВЕННЫЕ И СТИЛЕВЫЕ ПРИНЦИПЫ ФОРТЕПИАННЫХ ЦИКЛОВ Д.САЙДАМИНОВОЙ. | 170 |
| 25 | **Charshemov J.A.** QARAQALPAQ KOMPOZITORLARINIŃ XOR USHIN JAZILǴAN SHIǴARMALARI | 177 |


***<u>MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ</u>***


| | | |
|---|---|---|
| 26 | **Djumaniyazov U.M.** XALQ MUSIQA IJODIYOTINI O‘RGANISHGA PEDAGOGIK YONDASHUV | 187 |
| 27 | **Yusupaliyeva D.** YOSHLARNING MA’NAVIY TARBIYASINI TAKOMILLASHTIRISHDA MADANIYAT VA SAN’ATNING O‘RNI VA AHAMIYATI | 196 |
| 28 | **Muratbaev A.** ORFF METODÍ TÍYKARÍNDA MUZIKA SABAQLARÍNDA SAZ ÁSBAPLARDAN PAYDALANÍW | 204 |
| 29 | **Мелькумова Э.И.** ФИЛОСОФСКО-МЕТОДОЛОГИЧЕСКИЕ ОСНОВАНИЯ НАУЧНОГО ПОЗНАНИЯ: СТРУКТУРА, ЛОГИКА И ТРАНСФОРМАЦИЯ В КОНТЕКСТЕ СОВРЕМЕННОСТИ | 210 |
| 30 | **Абдуллаева А.** РАБОТА НАД ФОРТЕПИАННЫМИ ПЬЕСАМИ Р. ГЛИЭРА В КЛАССЕ ОБЩЕГО ФОРТЕПИАНО | 217 |

| | | |
|---|---|---|
| 31 | **Saidumarov I.** ESTRADA XONANDALIGI SAN'ATI HAMDA VOKALDAN DARS BERISHDA INNOVATSION TEXNOLOGIYALARINING O'RNI VA AHAMIYATI | 223 |

***JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER***

| | | |
|---|---|---|
| 32 | **Бердиниязова Н.К.** МЕҲНАТ ЖАМОАСИДА КАСАБА УЮШМАСИНИНГ ЎРНИ ВА АҲАМИЯТИ | 228 |
| 33 | **Пердебаева К.Р.** БАСПАСӨЗ ДИЗАЙНЫ ҮСТИНДЕ ИСЛЕЎ (Газетаның арнаўлы санлары анализи мысалында) | 234 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*


